



Mouvman Peyizan Papay

(Mouvement Paysan de Papaye)

MPP

Route de Bassin-Zim, Papaye, Hinche • B.P. 15697, Pétion-Ville, Haïti
Email: mpphaiti@yahoo.fr • Site Internet: www.mpphaiti.org
Téléphone: (509) 3840-0826 / 3449-1128 / 3160-8345 / 3186-2601



Papay 6 Dawout 2022

DEKLARASYON FINAL KAN NASYONAL JEN YO

SOU SOUVRENNT ALIMANTE.

Nou menm 233 jenn Fanm ak Gason ki sòti nan 10 departman jeyografik peyi a, nou te ransanble nan Sant Nasyonal Fòmasyon Kad Peyizan yo : LAKAY nan Papay pou patispe nan kan Nasyonal sou Souvrennt alimanter MPP òganize chak ane a. Nou sòti andedan òganizasyon peyizan manb CLOC-Via Campesina yo (MPP, MPNKP, TK) ak plizyè òganizasyon sendikal, ouvriye, etidyan, popilè ak peyizan. Nou brave danje travèse tout wout nasyonal yo kote gang ap kidnape, touye, ransonnen tout vwayajè. Gran Sid peyi a bloke depi 2 ane. Konnya se tout rès peyi a ki anba kontwòl gang yo kap taye banda nan peyi a ak konplisite otorite Leta yo.

Kan souvrènte alimanter ane sa a te dewoule anba tèm : Jèn angaje nan konstriksyon yon Ayiti sosyalis. Nap pale de yon sosyalis ki chita sou sivilizasyon peyizan yo kote yap travay an konbit, kote manje kwit pa gen mèt, kote lapenn yon kongo se pou tout kongo, kote je pran kou nen kouri dlo. Wi sivilizasyon peyizan yo se yon sivilizasyon ki chita sou solidarite, sou pataj. Sistèm kapitalis la vle disparèt sosyete ki chita sou solidarite a pou ranplase l nèt pa sosyete chak koukouy klere pou je 1, zafè kabrit pa zafè mouton, gwo vale piti.

Nou menm jèn yo ki patisipe nan kan an, nou angaje nou pou nou travay nan konstriksyon yon Ayiti granmoun, yon Ayiti solidè, yon Ayiti kote eksplwatasyon ak dominasyon pa moun kaba. Nan kan an, nou te travay sou anpil tèm tankou : Analiz konjonkti politik nasyonal ak entènasyonal la, agrikilti peyizan agwo ekolojik, dezòd ou dereglement klimatik la, òganizasyon jèn yo, angajman politik jèn yo, souvrènte alimanter, maladi kadyometabolik yo, Enfeksyon seksyèlman transmisib, Yon lòt jan pou wè lasante. Nou te fè anpil pratik agwo ekolojik. Pakèt refleksyon sa yo pèmèt nou rive nan konsta ak konklyzon sa yo.

NOU KONSTATE :

1 – Ayiti pa gen Leta kap jere anyen nan enterè popilasyon an. Se gang kriminèl kap dirije. Gouvènman PHTK yo se gouvènman piyajè, kriminèl kap dechèpiye peyi a, ki nan konplo pou vann peyi a. Gouvènman Ariel la nan konfyolo ak gang kriminèl paske se yo menm ak meriken ki pèmèt li kenbe nan pouwwa a.

2 – Popilasyon an ap toufe anba lavi chè ki lakòz grangou ap pete fyèl majorite popilasyon an; Enflasyon an monte nan syèl, goud la pèdi valè nèt. Li pa janm desann osi ba devan dola meriken an. Popilasyon an anba kidnaping, anba masak, anba kriz gaz planifye ; Kriz politik la vin pi grav

chak jou. Men se sitiyasyon sa ki kreye lapèrèz nesesè pou bloke mobilizasyon pèp la. Se lapèrèz ki kenbe pouvwa PHTK a.

3 – Zafè dyalòg, zafè negosyasyon Ariel ak akolit li yo ap pale a, se dilatwa, se blòf pou PHTK ak alye li yo kenbe pouvwa a pi lontan posib pou fòse peyi a aksepte pwojè “Kò gwoup” la ki se yon konstitisyon fo mamit kap elimine sena a, limite primati a pou bay yon prezidan popetwèl dwa siyen kontra pou fè kado resous natirèl peyi a a miltinaşyonal peyi enperyalis yo.

4 – Pwodiksyon manje natif natal ap disparèt nèt ak leta restavèk sa ki abandone agrikilti peyizan yo pou pèmèt politik neyoliberal la elimine pwodiksyon manje natif natal. Yo vle elimine klas peyizan an pou fè dappiyant sou tè agrikòl pou fè zòn franch agwoendistriyèl, pou pran tè yo pou ekspligate min yo, pou pran tè yo pou fè zòn franch touristik kote yo pral bwè san ouvriye yo.

5 – Jèn yo blije kite andeyò pou desanm lavil, kite peyi a pou ale Sèdomeng, Chili, Brezil ak lòt peyi. Anpil nan yo pran wout pou seye ale Etazini yo pran pou paradi ; anpil moun ki gen antrepriz ekonomik blije leve yo ale Sèdomeng ; anpil jèn pwofesyonèl blije kite peyi a paske yo pa jwenn travay epi yap masakre yo, kidnape yo.

NOU ANGAJE NOU :

- 1- Pou nou ale sansibilize jèn yo pou yo konprann yo dwe òganize yo, yo dwe angaje nan òganizasyon sosyal ak politik kap lite pou chanje sistèm kapitalis la.
- 2- Pou nou ale sansibilize peyizan yo pou yo angaje yo nan agrikilti peyizan agwoekolojik kòm modèl agrikilti ki kapab pwodwi manje ki sen pou nouri Ayiti, nouri tout peyi yo epi refwadi planèt la anba rechòfman klimatik sistèm kapitalis la kreye pou fè milya sou milya menm lè yo mete LAVI an danje. Se agrikilti endistriyèl la ak tout chenn pwodiksyon, transfòmasyon, transpò, estokaj ki responsab emisyon majorite gaz a efè ansèkleman (effet de serre) ki pwovoke rechòfman klima a.
- 3- Pou nou ale sansibilize jèn yo pou yo angaje yo ansanm ak peyizan yo, ansanm ak ouvriye yo nan devlope aktivite ekonomi sosyal ak solidè kòm altènativ a ekonomi kapitalis la.

NOU EKZIJE :

1 – Demisyón san pèdi tan Ariel Henry ak gouvènman 1 lan paske yo pa itil popilasyon an anyen. Nou bouke ak yo.

2 – Mobilizasyon jèn yo, peyizan yo, ouvriye yo, fanm yo andeyò tankou lavil pou fòse pouvwa PHTK a wete pyel sou kou pèp la. Wi nou dwe leve kanpe, makònèn fòs nou pou fwennen kidnaping, masak, ensekirite jeneral, grangou klowòks, piyaj resous peyi a.

Nou envite tout moun kap soufri yo makònèn fòs nou, gonfle fòs nou pou libere peyi a anba rejim sanginè, kòwonpi Ariel Henri a.

Siyati reprezantan òganizasyon yo ki prezan nan kan an :

- | | |
|--|-------------------------|
| <ul style="list-style-type: none">• <i>Alexis Dachemy</i>• <i>Ricot Derisma</i> | <p>MPP</p> <p>MPNKP</p> |
|--|-------------------------|

- Fleurilus Basenet
Petit Frère Requel
Tèt Kole
- Petit Frère Requel
KROS
- Clerger Felixon
Clerger Felixon
CNOHA
- Nazulus Sergeline
Nazulus Sergeline
PAPDA
- Jean Louis Alexandra Rica
PRODESE
- Clifford Lubin
Clifford LUBIN
KAY LA
- Exantus Elodie
PLAODDAA
- Erline Joseph
KORENIP
- Bartelemy Géralson
Bartélémy Géralson
MPA
- Saint Louis Jameson Eugène
Saint Louis Jameson Eugène
MPB

Chavannes Jean-Baptiste
tel 3702 84 33